

## Model Letters<sup>1</sup>

### Voye Lèt pou Bay Rezidan Avètisman pou Sispann Fimen nan Lokal ou a

---

Men 3 lèt ou kapab sèvi lè rezidan yo ap fimen nan lokal ou a, malgre règleman ki defann fimen.

Sèvi avèk Modèl Lèt #1 an, si yon rezidan ki gen yon kondisyon nan kontra lokasyon li, ki defann fimen nan inite l la, pa respekte kondisyon kontra a. Lèt sa a fè rezidan ki pa respekte kondisyon an konnen li pa gen dwa fimen nan inite li a, oswa nenpòt lòt kote nan bilding lan, li di yo tou ou konnen yo pa respekte règleman an, epi li ba yo avètisman pou yo pa fè sa ankò. Montre avoka w lèt sa a anvan w sèvi avèk li. Si Eta oswa lokalite kote w ye a gen yon lwa ki mete restriksyon sou kesyon fimen nan bilding ki gen apatman, pale avèk avoka w pou wè si w kapab sèvi avèk lwa sa a, pou w bay lèt sa a plis fòs.

#### Lèt #1: Lè Moun Pa Respekte Kondisyon Kontra Lokasyon yo

*[Make dat la]*

Chè Rezidan [Non an],

Paragraf [make # par. ki nan kontra a] ki nan kontra ou a defann pou moun fimen nan inite w la, ak nan tout lòt kote nan bilding lan, oswa nan yon distans 50 pye pou pi piti avèk bilding lan. Yè apremidi, vè 3 è edmi, yon anplwaye mentnans yo te rele nan inite w la, wè pòy sigarèt ak sann nan sandriye, epi li te pran odè lafimen sigarèt nan inite w la. Si w pa respekte kondisyon ki nan kontra lokasyon w lan yon lòt fwa, nou kapab pran aksyon legal ki aplikab, sa ki vle di tou pou anile kontra lokasyon w lan epi kòmanse yon aksyon devan lajistis pou mete w deyò. Mèsi pou kowoperasyon w.

Ak tout senserite,  
Jane Manadjè

---

<sup>1</sup> Atik sa a parèt nan nimewo Jen 2003 *Assisted Housing Financial Management Insider*. Sèvis enfòmasyon sa a ki parèt chak mwa, se Vendome Group, LLC, ki te rele anvan Brownstone Publishing Co., ki pibliye l; ou kapab jwenn enfòmasyon sou abonnman pou tout zouti Vendome sou kesyon immobilie, nan [www.vendomegrp.com](http://www.vendomegrp.com).

Sèvi avèk Modèl Lèt #2 ak #3 pou aplike yon règleman enteryè ki defann moun fimèn nan zòn ki pou tout moun yo.

Modèl Lèt #2 a ekri san jwèt epi ak koutwazi, pou fè rezidan sonje yo pa gen dwa fimèn nan kote ki pou tout moun nan bilding lan, oswa nan yon distans 50 pye pou pi piti avèk bilding lan; li di yo ou konnen yo pa respekte règleman sa a, epi li ba yo avètisman pou yo pa fè sa ankò.

Si sa pa mache, sèvi avèk lèt ki pi fèm lan (Modèl Lèt #3). Yon fwa ankò, pa bliye montre avoka w lèt sa yo, anvan w sèvi avèk yo.

#### Lèt #2- Lèt avèk Koutwazi a: Lè Moun Pa Respekte Règleman Enteryè

*[Make dat la]*

Chè Rezidan [Non an],

Nou aprann yo te wè w ap fimèn sou mach ki mennen nan bilding ou an, vè 6 è edmi diswa. Mwen sèten ou konnen règleman enteryè nou yo nan Apatman XYZ defann pou moun fimèn nenpòt ki kote nan zòn ki pou tout moun nan bilding lan, oswa nan yon distans 50 pye pou pi piti avèk bilding lan. Tanpri, pa bliye pou w respekte règleman sa a, sa ki vle di pou w pa fimèn nan okenn kote yo defann fimèn. Mèsi pou kowoperasyon w.

Ak tout senserite,  
Jane Manadjè

#### Lèt #3- Lèt ki Pa nan Jwèt la: Lè Moun Pa Respekte Règleman Enteryè

*[Make dat la]*

Chè Rezidan [Non an],

Ou pa respekte kontra lokasyon w lan ansanm ak yon règleman enteryè, paske ou kontinye fimèn plizyè fwa nan bilding lan. Malgre avètisman sou papye ou te resevwa nan dat [make dat la], ou kontinye fimèn nan zòn kote règleman enteryè nan Apatman XYZ defann fimèn.

Lè w pa respekte règleman enteryè yo, sa vle di ou pa respekte Paragraf [make # par. nan kontra lokasyon an] nan kontra lokasyon w lan. Si w pa respekte kondisyon ki defann fimèn sa a yon lòt fwa, nou kapab pran aksyon legal ki aplikab, sa ki vle di tou pou anile kontra lokasyon w lan epi kòmanse yon aksyon devan lajistis pou mete w deyò. Mèsi pou kowoperasyon w.

Ak tout senserite,  
Jane Manadjè